

Kategori : AKTIVITE POLITIK NAN BILDING LEKÒL

Pibliye :  
22/06/2009.

Nimewo : **D-130**

Sijè : ITILIZASYON KANDIDA, FONKSYONÈ ELI AK ÒGANIZASYON POLITIK FÈ DE BILDING LEKÒL  
AK KONDUIT ANPLWAYE LEKÒL AK FONKSYONÈ YO NAN KANPAY POLITIK AK NAN  
ELEKSYON

Paj : 1 nan 1

## REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) D-130 ki gen dat 15 janvyè 2014.

### Chanjman :

Yo revize regleman sa pou yo:

- mete ladan òganizasyon aktyèl Depatman Edikasyon *Department of Education*(DOE)
- Klarifye pwosedi pou fonksyonè eli ak kandida pou pòs leta vizite lekòl pandan lè lekòl.
- Klarifye kòman yo ka itilize bwat lapòs estaf ak tablo enfòmasyon pou bay sipò politik.
- Klarifye ke pèsonèl lekòl pa ka pote bouton, bwòch, atik rad oswa nenpòt bagay ki pran pozisyon pou kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik pandan yo nan travay oswa pandan yo an kontak avèk elèv.

**REZIME**

Regleman sa regle itilizasyon kandida, fonksyonè eli ak òganizasyon politik fè de bilding lekòl ak konduit anplwaye lekòl ak fonksyonè yo nan kanpay politik ak nan eleksyon

**ENTWODIKSYON**

Bilding lekòl pa la pou fowòm piblik pou bay opinyon politik oswa opinyon kominote. Men regleman ki fikse pou kontwòl: (1) jan pou fonksyonè eli, kandida pou pòs elektif oswa òganizasyon k ap travay nan non fonksyonè oswa kandida sa yo itilize oswa gen aksè nan bilding DOE<sup>1</sup> pandan lè lekòl ak lè pa gen lekòl; (2) jan anplwaye lekòl, pèsonèl oswa manm estaf ak fonksyonè itilize lokal lekòl, ekipman ak materyèl pou rezon politik;<sup>2</sup> ak (3) konduit anplwaye lekòl, pèsonèl oswa manm estaf ak fonksyonè nan kanpay politik ak nan eleksyon.<sup>3</sup>

**I. PANDAN LÈ LEKÒL****A. Vizit fonksyonè eli ak kandida pou pòs leta**

Fonksyonè eli k ap vizite se manm kominote a ak manm konsèy vil nan lekòl pandan lè lekòl bay lidè eli yo opòtinite pou revize dirèkteman yon fonksyon minisipal enpòtan: Ofri edikasyon piblik. Anplis, vizit kandida pou pòs elektif, jwen yon wòl enpòtan nan edikasyon nan sans ke yo ekspozè elèv ak moun ak opinyon ke yo ta dwe vin abitye kòm sitwayen ki enfòm epi ki responsab ki swa ap vote kounye a swa k ap vote alavni. Pou nou asire vizit sa yo ranfòse eksperyans edikatif elèv nou yo epi ki pa vin tounen evènman politik, yo dwe respektè kondisyon sa yo:

1. Avèk konsantman ekspès direktè lekòl la, yon fonksyonè eli ka vizite yon lekòl nan fonksyon ofisyèl li. Direktè a dwe avèti sipèntandan an ak lidè rezo *Network Leader* lè yo apwouve yon demann pou sa. Sepandan, lekòl yo dwe mande ak chèche asire yo pa itilize vizit sa yo kòm mwayen pou rezon politik pèsonèl.
2. Avèk konsantman ekspès direktè lekòl la, kandida pou pòs elektif oswa fonksyonè eli k ap chèche reeli ka vizite lekòl pandan lè lekòl. Yo ta dwe fè demann pou vizite lekòl yo alekri lè sa posib. Direktè a dwe avèti sipèntandan an ak lidè rezo *Network Leader* lè yo apwouve yon demann pou sa. Yo ta dwe konekte vizit sa yo avèk etid enpòtan nan istwa, syans sosyal, sivik, elatriye epi sèvi nan misyon edikatif lekòl alavni. Anplis, pou nou ka asire elèv yo resevwa otan enfòmasyon posib epi elimine posiblite pou yo konsidere lekòl yo tankou y ap sipòte yon kandida inik oswa yon pwedvi patikilye, lekòl yo ta dwe eseye ekspozè elèv yo ak diferan opinyon politik otan rezonab posib. Yo pa pèmèt vizit pandan lè lekòl ni pou yo kontinye si vizit sa yo ka twouble anviwònman edikatif lekòl la.
3. Malgre paragaf I.A.2 pi wo a, okenn kandida pou pòs leta, tankou yon fonksyonè eli k ap chèche reeli, pa ka vizite okenn bilding lekòl DOE pandan 60 jou kalandriye avan yon eleksyon primè ak/oswa yon eleksyon, eksepte jan seksyon I.A.1 ki pi wo a di l.

<sup>1</sup> Pou objektif regleman sa a, tèm bilding lekòl pral gen ladan nenpòt bilding lekòl DOE oswa lokal lekòl yo lwe.

<sup>2</sup> Pou objektif regleman sa a, tèm "pèsonèl," "anplwaye," oswa "manm estaf" se moun k ap travay pou Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) atravè òganizasyon kominite *Community based organizations* (CBO) ki gen kontra (oswa ki gen so-kontra) avèk NYCDOE oswa avèk yon distri lekòl kominote pandan l ap bay sèvis sou kontra.

<sup>3</sup> Regleman sa a pa aplike pou konduit politik oswa pou aktivite elèv.

4. Yo dwe avèti *Office of Communications and Media Relations* davans sou nenpòt vizit fonksyonè eli oswa kandida pou pòs elektif yo ap fè.

B. Itilizasyon lokal, ekipman ak materyèl

Yo pa ka itilize lokal, ekipman ak materyèl lekòl nan non okenn kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik, eksepte jan regleman sa a di l la.

1. Li entèdi pou nenpòt moun, gwoup, òganizasyon, komite itilize nenpòt lekòl DOE pandan lè lekòl/biznis nan non oswa nan avantaj yon fonksyonè eli, kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik.
2. Yo pa fè okenn rasanblen, fowòm, pwogra, nan non oswa nan avantaj okenn fonksyonè eli, okenn kandida anpatikilye, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik nan yon bilding lekòl.
3. Yo pa ka distribye, afiche, oswa ekspoze okenn materyèl k ap sipòte okenn kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik nan okenn bilding lekòl, eksepte jan yo di sa nan seksyon I.B.4 ki pi wo a:
4. Yo dwe itilize bwat postal estaf la ak tablo enfòmasyon sendika nan lekòl ak distri ak biwo santral yo pou rezon sa yo sèlman: (1) lekòl yo ak distri yo ak biwo santral yo ap itilize yo pou distribisyon materyèl ki gen rapò ak edikasyon ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl; epi(2) sendika a itilize yo pou distribisyon materyèl ki gen rapò ak sendika a. Pou fè sa, sendika a ka:
  - a. Mete materyèl k ap defann eleksyon yon kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik nan bwat postal estaf la.
  - b. Poste materyèl k ap defann eleksyon yon kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik sou tablo enfòmasyon sendika yo ki nan zòn ki tou pre elèv yo.
5. Malgre seksyon(a) ak (b) ki pi wo a, nan okenn ka materyèl yo pa ka gen kontni k ap sipòte kandida konsèy pou kominote ni konsèy vil nan bwat postal estaf oswa ki poste sou tablo enfòmasyon sendika.
6. Enfòmasyon asosyasyon paran bay timoun pote lakay pa ka gen sipò okenn kandida, gwoup kandida tankou kandida pou CEC oswa oswa òganizasyon/komite politik.
7. Direktè a responsab pou asire yo pa afiche, distribye ni ekspoze materyèl ki pa otorize.
8. Yo pa itilize okenn ekipman korespondans, elektwonik oswa lòt ekipman pou pwodui, repwodui, anrejistre oswa pibliye enfòmasyon nan non okenn kandida, gwoup kandida tankou kandida pou CEC oswa oswa òganizasyon/komite politik.

C. Konduit fonksyonè ak anplwaye

1. Tout pèsònèl lekòl pral kenbe yon konpòtman san patipri total kapital ak tout kandida pandan yo nan travay oswa pandan yo an kontak ak elèv yo. Poutèt sa, pandan yo nan travay oswa pandan yo an kontak ak elèv yo, pèsònèl lekòl pa ka pote bouton, bwòch, atik rad oswa nenpòt bagay ki pran pozisyon pou kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik.
2. Pèsònèl la pa ka patisipe nan okenn aktivite, tankou maraton nan non okenn kandida, gwoup kandida tankou kandida pou CEC oswa oswa òganizasyon/komite politik pandan lè travay.

3. Yo entèdi pèsònèl DOE fè okenn kanpay nan lè travay DOE. Entèdiksyon sa a rive nan koleksyon siyati pou petisyon ak petisyon ak vòt pwovokan. Yo pa ka konsidere zafè eleksyon kòm "zafè sendika" nan ka estaf lekòl, distri lekòl oswa estaf katye jeneral yo nome kòm reprezantan sendika.
  - a. Yo pa konsidere kanpay kòm "biznis pèsònèl" pou manm pèsònèl ki gen jou biznis pèsònèl kòm moun ki gen kontra. Pèsònèl lekòl ki pa vin travay pou yo ka patisipe nan aktivite sa yo, y ap konsidere yo pran absans motive epi yo pa resevwa sanksyon, sofsi yo an konje.
  - b. Okenn manm estaf lekòl pa ka pran yon jou biznis pèsònèl oswa yon jou konje anyèl pou ale fè travay peye pou Komite eleksyon *Board of Elections*.
  - c. Yon manm CEC pa ka (i) itilize otorite ofisyèl li oswa enfliyans li pou l entèvni oswa chanje rezilta yon eleksyon oswa yon nominasyon pou yon pòs; (ii) fòse no dirèkteman ni endirèkteman, eseye fòse oswa bay lòd pou yon anplwaye DOE peye, prete oswa bay yon pati, komite, òganizasyon, ajans oswa moun okenn bagay ki gen valè pou rezon politik oswa patisipe nan okenn kanpay; (iii) itilize lokal, ekipman DOE (tankou telefòn, faks machin, tenb, materyèl biwo), pèsònèl, papye antèt oswa lòt resous DOE nan okenn aktivite politik/kanpay, eksepte jan seksyon II a otorize l (itilizasyon apre lekòl) regleman ak prensip sa yo; (iv) itilize pòs oswa tit DOE li genyen pou jwenn okenn avantaj ki gen rapò ak aktivite politik/kanpay politik; (v) mande kontribisyon politik oswa èd nan aktivite politik bò kote sipèntandan kominote a nan distri lekòl kominote kote manm lan ap sèvi a oswa bò kote sekretè ki nan konsèy kote li manm lan; oswa (vi) vize demann pou kontribisyon politik oswa èd nan aktivite politik bò kote okenn anplwaye DOE oswa fonksyonè k ap sèvi nan distri lekòl kominote manm CEC oswa CCEC a ap sèvi a. Lis aktivite sa yo se demann ki vize epi yo entèdi yo lè se yon manm CEC oswa CCEC ki fè l bò kote yon anplwaye oswa yon fonksyonè nan distri lekòl kominote manm sa a ap sèvi:
    - i. nenpòt demann pèsònèl pou kontribisyon (anpèsòn oswa pa telefòn);
    - ii. demann lajan (pa lapòs) yo voye ba lekòl oswa lòt biwo DOE;
    - iii. demann lajan (pa lapòs) ki idantifye yon anplwaye oswa yon fonksyonè DOE ak tit li;
    - iv. demann lajan (pa lapòs) lè yo itilize yon lis DOE ki pa piblik.
  - d. Yo entèdi kandida pou CEC oswa CCEC pou aksepte sipò politik ak kontribisyon pou kanpay.
4. Regleman sa a pa anpeche pèsònèl lekòl yo diskite oswa distribiye enfòmasyon sou pwoblèm eleksyon parapò ak pwogram ak aktivite edikasyon ki lijitim.

## II. ITILIZASYON APRE LEKÒL

Se seksyon 414 lwa eta a sou edikasyon ki kontwole itilizasyon bilding lekòl pandan lè ki pa lè lekòl ak aplikasyon pwosedi ki nan manyèl ofisyèl pwosedi fonksyonman DOE *Standard Operating Procedures Manual*. Yo dwe jere tout demann pèmi pou itilizasyon bilding lekòl pandan lè ki pa lè lekòl dapre pwosedi sa yo epi yo dwe konsistan ak kondisyon sa yo:

- A. Li entèdi pou nenpòt ou, gwoup, òganizasyon, komite itilize nenpòt lekòl DOE apre lè lekòl/biznis nan non oswa nan avantaj okenn fonksyonè eli, kandida, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik, eksepte jan yo endike I nan paragraf II. C ak D ki pi ba a.
- B. Yo pa ka fè okenn rasanbleman, fowòm, pwogram, nan non oswa nan avantaj okenn fonksyonè eli, okenn kandida anpatikilye, gwoup kandida oswa òganizasyon/komite politik nan yon bilding lekòl apre lè lekòl/biznis, eksepte jan yo endike I nan paragraf II. C ak II. D ki pi ba a.
- C. Yo pèmèt fowòm kandida depi yo envite tout kandida pou patisipe.
- D. Aplikasyon pou pèmi kandida yo dwe gen ladan yon reprezantasyon ekri kote yo envite tout kandida pou patisipe.
- E. Okenn kandida pou pòs leta, tankou yon fonksyonè eli k ap chèche reeli pa ka itilize bilding lekòl DOE apre lè lekòl pandan 60 jou kalandriye avan yon eleksyon primè ak/oswa yon eleksyon, eksepte si li gen rapò dirèk travay ak responsablite piblik fonksyonè eli a.

### III. RESPÈ REGLEMAN

- A. Nenpòt fonksyonè oswa anplwaye ki vyole lwa regleman sa a ka resevwa sansyon.
- B. Okenn fonksyonè ni anplwaye pa ka fè vanjans nan okenn fason kont yon lòt fonksyonè, anplwaye, paran, elèv ni okenn lòt moun ki rapòte sa li fè ki mal.
- C. Yo ta dwe rapòte vyolasyon yo nan *touledede* biwo ki pi ba yo:

***Special Commissioner of Investigation***

25 Broadway, 8<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10004  
212-510-1500

***Office of Legal Services***

52 Chambers Street – Room 308  
New York, NY 10007  
212-374-6888

### IV. KESYON

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou ta dwe rele nan :

Telefòn:  
212-374-6888

*Office of Legal Services*  
NYC Department of Education  
52 Chambers Street – Room 308  
New York, NY 10007

Faks :  
212-374-5596